

BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang

Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeun maké pakakas basa, ku kituna kamekaran basa téh gedé pisan pangaruhna kana kamekaran sastra. Kamekaran sastra bisa katitén tina basa nu digunakeunana, upama tina basa lisan kana basa tinulis.

Minangka karya seni warnaning karya sastra téh diciptana salawasna napak dina usaha ngolah unsur-unsur éstétis. Ku lantaran alatna basa, nya nu diolah ku pangarang téh sakabéh poténsi éstétisna anu kapimilik ku basa. Ari jejer karya sastra enas-enasna mah ngurung sakumaha kahirupan manusa dina harti nu jembar. Tina ngolah unsur-unsur éstétis karya sastra timbul kasugemaan rasa, kasugemaan émosional, kasugemaan batiniah, awor antara éfék basa (alatna, cangkangna) jeung eusina. Patali jeung éta hal karya sastra téh aya mangpaatna (keur nu maca), lain waé “genah kadéngéna” tapi méré ma’na, (Iskandarwassid, 2003:138).

Nilik kana wangun karya sastra Sunda téh dibagi tilu golongan, nya éta (1) Prosa atawa wangun lancar, (2) Puisi atawa wangun ugeran, jeung (3) carita drama. Ari prosa lirik mah tétéla digolongkeun kana prosa. Dumasar kana warna karanganana, nu kaasup kana prosa téh nya éta dongéng, skétsa, carita pondok, jeung roman atawa novel. Ari nu kaasup kana puisi téh dibagi dua. Anu kahiji kagolong kana wujud caita (naratif), nya éta carita pantun jeung carita wawacan.

Ari nu kadua kagolong kana wujud lain carita di antarana: puisi, mantra, jangjawokan, sisindiran, kakawihan, jeun guguritan. Ari anu kaasup kana wangun gramatik nya éta rupa-rupa carita drama. Dina ungkara dialog aya wanda prosa jeung ungkara dialog wanda puisi (kawih, tembang), éta papasingan bisa diwincik dumasar kana eusina. Sedengkeun kana umurna aya karya sastra buhun jeung karya sastra moderen. Nilik kana médiana, aya sastra anu kagolong sastra lisan jeung sastra tinulis (Iskandarwassid, 2003:139).

Numutkeun kana waktuna, warna karya sastra Sunda téh kabagi dua bagian (1) karya sastra buhun jeung (2) karya sastra Sunda moderen. Ari anu kaasup kana sastra Sunda buhun nya éta jangjawokan, kakawihan, pupujian, sisidirian, pupuh guguritan, wawacan, carita pantun, carita wayang, jeung dongéng. Sedengkeun anu kaasup kana karya sastra moderen nya éta carita pondik, sajak, novel, jeung drama (Koswara, 2003:107).

Carita rayat kaasup kana carita balaréa (*folktalé*) anu hirup tur aya di masarakat éta wewengkon. Étnis carita rayat atawa dogéng dina sastra Sunda loba anu umurna geus kolot, teu kapaluruh iraha jeung saha nu ngarangna, sumebarna sacara lisan, tatalépa ti hiji jalma ka jalma anu lianna, tepi ka mangsa kiwari. (Sumarsono, 1984:27).

Dina hirup kumbuhna, carita rayat mangrupa bagian tina sastra daérah anu perlu dibina, dipiara jeung dimekarkeun. Ku sabab carita rayat ka asup kana sastra daérah anu aya di Jawa Barat sarta jadi assét kabudayaan nasional, ku kituna kudu dimumulé jeung dimekarkeun. Ieu hal luyu jeung Undang-Undang Dasar RI 1945 pasal 32 ayat 2 nétélakeun yén:

“Nagara ngajénan jeung miara basa daérah minangka kabeungharan budaya nasional.”

Salian ti luyu jeung Undang-Undang Dasar RI 1945, Budisantoso, Spk netelakeun yén:

“Pembinaan dan pemeliharaan kebudayaan nasional merupakan salah satu aspek kehidupan sosial budaya yang sangat penting dan perlu diperhatikan dalam rangka pembinaan ketahanan nasional secara keseluruhan.”

Upamana diwincik jeung dilelekan, tétéla loba pisan carita rayat anu mekar jeung sumebar di tatar Sunda. Ieu hal bisa katiténan ku urang boh sacara langsung ti kolot boh tina sawatara buku kumpulan carita rayat anu geus aya. Hirupna carita rayat raket patalina jeung sasakala hiji tempat anu biasana diparah kajadianana diluyukeun jeung alam pikiran mangsa harita. Ku kaparigelan mikir jaman harita hirupna carita rayat nu turun-tumurun ka anak incuna lumangsung nepi ka kiwari.

Di unggal wewengkon di tatar Sunda umumna miboga dongéng atawa carita rayat anu has, sok sanajan caritaanna loba nu sarua, tapi kadangkala loba anu béda vérsina. Carita rayat sumebarna sacara lisan, tatalépa ti hiji jalma ka jalma anu lianna, nepi ka mangsa kiwari. tapi dugi ka mangsa kiwari tacan kapaluruh ti iraha jeung saha anu nyieunna éta carita.

Di Kacamatan Talaga Kabupatén Majalengka masih loba carita anu sumebar di masarakatna. Éta carita téh, eusina nyaritakeun sasakala hiji tempat, aya nu nyarita yén Kacamatan Talaga téh asalna urut talaga nu éndah tur pikaresepeun anu dipindahkeun.

Hanjakal, ka nu apal kana caria-carita nu aya di Kacamatan Talaga can aya nu ngadokuméntasikeun. Ku sabab nu apal kana caritana beuki dieu beuki ngurangan, narungtutan teu aya (maot), ari barudakna teu arapaleun kana caritana.

Miang tina éta kaayaan, nu nalungtik ngarasa perlu pikeun ngumpulkeun carita-carita rayat nu sumebar di Kacamatan Talaga pikeun didokuméntasikeun jeung dijieun hiji alternatif pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP. Tujuanana sangkan carita rakyat nu aya henteu leungit jeung dipiharep nambahan euyeub hasanah kabeungharan sastra Sunda.

Nilik kana pedaran di luhur, perlu pisan diupayakeun ngumpulkeun carita rayat ti unggal daérah, lantaran bisa jadi salasahiji cara pikeun ngamumulé sastra daérah. Carita rayat dina sastra daérah bisa hirup upama dipulasara. Salasahiji carana nya éta ku ngumpulkeun carita-carita anu sumebar di masarakat jeung diajarkeun di lembaga pendidikan.

Panalungtikan ngeunanan carita rayat anu dilaksanakeun ku mahasiswa diantaranya:

- *Carita Rayat Kacamatan Rajagaluh Pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP*, ku Sri Rahmayati (1988);
- *Invéntarisasi Carita Rayat di Cipunagara*, ku Ii Heri Hernawan (2002);
- *Invéntarisasi Carita Rayat di Kacamatan Kadungora Kabupatén Garut*, ku Neni Rohaéni (2004);
- *Carita Rayat Kacamatan Ciparay Pikeun Bahan Pangajaran Sastra di SMP*, ku Sinta Iskandar (2005);
- *Invéntarisasi Dongéng di Kacamatan Lémbang Pikeun Bahan Pangajaran di SMP*, ku Denny Indrayana Taufan (2007);

- *Dongéng anu Sumebar di Kacamatan Kadudampit Kabupatén Sukabumi Pikeun Bahan Pangajaran Bahasa Sunda di SMP*, ku Opih Latipah (2007);

Sedengkeun panalungtikan anu geus dilakukeun ku lembaga pamaréntahan pikeun kapentingan proyék, salah sahijina *Sasrta Lisan Sunda Mite, Fabel, Dan Legende* ku Yetty Kusmiyati Hadish, spk.(1979).

Carita rayat geus sakuduna dipiara, upama henteu tinangtu bakal leungit. Tegesna henteu hirup, henteu mekar. Ku kituna, ieu panalungtikan baris ngumpulkeun carita rayat anu aya di Kacamatan Talaga, tuluy dianalisis pikeun alternatif bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di SMP. Ieu panalungtikan téh anu dijudulan *Carita Rayat anu Aya Di Kacamatan Talaga Pikeun Bahan Pangajaran di SMP*. Widang nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nya éta unsur carita anu ngawengku: téma, alur, tokoh, jeung latar.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Carita rayat anu sumebar di masarakat Sunda kacida loba jeung rupa-rupa warnana. Aya carita ngeunaan sasakala hiji tempat, carita ngeunaan sasatoan, carita ngeunaan karuhun nu gaib, carita nu dianggap karamat ku masarakatna. Aya ogé carita anu raket patalina jeung kapercayaan nepi ka éta carita henteu bisa didongéngkeun sagawayah. Éta carita-carita téh aya nu panjang leunjeuranna, aya ogé nu singget pisan. Dina ieu panalungtikan baris diwatesanan ngan saukur

carita-carita anu aya di Kacamatan Talaga pikeun dijieun bahan pangajaran sastra di SMP.

1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu dipedar di luhur, aya sababaraha masalah anu perlu didéskripsikeun, sangkan gampang ngayakeun panalungtikan. Ieu masalah dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap:

1. Aya sabaraha jumlahna dongéng jeung gambaran carita rayat di Kacamatan Talaga, ditilik tina jenisna?
2. Kumaha struktur carita rayat (téma, palaku, latar, galur, jeung amanat) anu kapanggih dina carita rayat Kacamatan Talaga téh?
3. Naha éta carita rayat luyu dipaké bahan pangajaran sastra di SMP?

1.3. Tujuan Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nya éta sangkan carita rayat anu aya di Kacamatan Talaga dipikawanoh ku masarakat, nu saterusna diwariskeun deui ka entragan anyar ngaliwatan pangajaran basa jeung sastra Sunda.

1.3.2. Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan téh nya éta:

1. Ngumpulkeun jeung ngadokuméntasikeun carita rayat nu aya di Kacamatan Talaga Kabupatén Majalengka;

2. Ngabandingkeun struktur anu ngawangun caritana (téma, palaku, latar, jeung galur);
3. Ngaklasifikasikeun dongéng atawa carita rayat numutkeun jenisna;
4. Nyusun bahan pangajaran carita rayat pikeun bahan pangajaran di SMP.

1.4. Manfaat Panalungtikan

Tina ieu panalungtikan mangpaatna nya éta:

a. Pikeun nu nalungtik

Nu nalungtik bisa wanoh kaayaan, katut bisa henteuna unsur-unsur sastrana anu aya dina carita rayat Kacamatan Talaga upama dijieun bahan pangajaran sastra di SMP,

b. Pikeun Guru

Guru meunang informasi ngeunaan carita rayat Kacamatan Talaga upama dijieun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda,

c. Pikeun Murid

Murid bisa ngeuyeuban bahan bacaan jeung ngahudang motivasi pikeun maluruh carita rayat anu aya di daérahna. Lian ti éta, murid bisa nyokot pieunteungeun tina carita rayat pikeun hirup kumbuh di masarakat ku cara ngalenyepan eusi caritana,

d. Pikeun Masyarakat

Masarakat bisa mikawanoh ngeunaan carita-carita rayat Kacamatan Talaga anu saméméhna can dipikawanoh. Lian ti kitu, masarakat bakal kahudang karep pikeun milu ngajaga sarta ngariksa kahirupan jeung

kalumangsungan fungsi jeung kalungguhan carita rayat anu aya di daérahna.

1.5. Wangenan Oprasional

Sangkan babari dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan, leuwih ti heula rék diwatesanan istilah-istilah anu aya, nya éta:

1) Carita Rayat

Istilah carita rayat di wangun ku kecap *carita* jeung *rayat*. Carita (basa Sangsekerta) hartina ucapan, omongan, lalakon atawa dongéng (LBSS, 1996:84). Rayat hartina somah atawa sakumna warga anu dumuk di hiji wewengkon (LBSS, 1996:409). Jadi carita rayat hartina ucapan, omongan, lalakon atawa dongéng anu aya jeung sumebar di sakumna warga anu dumuk di hiji wewengkon. Dina ieu panalungtikan nu diguar téh carita rayat nya éta sastra lisan Sunda: mite, legenda, jeung dongéng.

Iskandarwassid (2003:127) kungsi nétélakeun yén anu disebut carita rayat atawa carita balaréa nya éta warnaning carita heubeul anu sumebar di masarakat, tatalépa ku cara lisan, bari teu kanyahoan saha pangarangna (anonim). Ku lantaran nyebarna sacara lisan, bisa jadi ngalaman rupa-rupa raéhan (ngurangan, nambahan, jsté.) sarta bisa jadi nimbulkeun rupa-rupa versi.

2) Bahan Pangajaran Sastra

Bahan pangajaran nya éta sajumlahing materi nu baris ditepikeun ka siswa dina proses diajar ngajar, sarta ngagunakeun média basa minangka usaha ngolah

unsur éstétis (kakaéndahan sastra) anu jejerana tina kahirupan, nu luyu jeung kurikulum 2006.

3) Kacamatan Talaga

Salasahiji kacamatan anu aya di wewengkon Kabupatén Majalengka, pernahna kiduleun Kabupatén Majalengka.

4) Sekolah Menengah Pertama (SMP)

Salasahiji sakola lanjutan dina jenjang pendidikan saréngsena namatkeun sakola di SD (Sekolah Dasar).

1.6. Anggapan Dasar jeung Landasan Tiori

1.6.1. Anggapan Dasar

Numutkeun Arikunto (1972:97) nétélakeun yén anggapan dasar, *“Sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oléh penyelidik.”*

Luyu jeung éta pamadegan, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- a. Carita rayat atawa dongéng mangrupa salasahiji sastra buhun anu diinventarisasikeun sangkan teu musnah pikeun diwariskeun ka generasi anu anyar;
- b. Carita rayat loba kénéh sumebar di masarakat Talaga;
- c. Pangajaran carita rayat (dongéng) mangrupa bagian tina pangajaran sastra (basa Sunda) di sakola-sakola;
- d. Carita rayat mibanda ajén atikan anu luyu ditepikeun ka siswa SMP.

1.6.2. Landasan Tiori

Dina panalungtikan ieu ngagunakeun bahan bacaan ngeunaan panalungtikan, kasastaraan jeung pangajaran. Bahan bacaan panalungtikan nyoko kana buku-buku: *Dasar-Dasar Penelitian Ilmiah* (Subana, 2005). Ari bacaan ngeunaan saastrana nyoko kana buku: *Folklore Indonesia* (Danandjaja, 2002), *Kandaga Kasusastraan* (Salmun, 1963), *Sastra Lisan Sunda* (Kusmiyati, 1979), *Pedaran Sastra Sunda* (Sumarsono, 1983). Sedengkeun pikeun nyusun bahan pangajaran sastra hususna carita rayat buku nu digunakeunna: *Pangajaran Sastra Sunda* (Budi Rahayu Tamsyah, 1996), Kurikulum KTSP 2006 (Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan). Jeung buku-buku séjénna nu dibéréndélkeun dina daftar pustaka.

Buku-buku anu disebut di luhur téh baris dipaké acuan pikeun medar ieu panalungtikan. Pikeun kapentingan ieu panalungtikan, bisa jadi tina sababaraha pamadegan (téori) nu diasongkeun ku para ahli téh baris *dimodifikasi*.